

мажлис

**Байил Шайихасул хабада зиярат**

Стр. 2

спорт

**Халкъалда гьоркьосеб турниралъул чемпион**



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 13 * Август 2015 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.




*спортивиял бергьенлъаби*

# ММА турниралда бергьенлъи

**Щуабилеб августалъ Орел шагьаралда букIана чанго цIаялъул дандечIваял М-I турниралъул. Гьел байбихьана нилъер ракьцояв Харада росулъа Залимбег ГIумаров ва бразилец Марсело Костал дандчIваялдаса.**

Залимбегил гьеб дандчIваялда цебе букIана 4 бергьенлъи, I ничья ва I нухалъ къураб хIасил. Гьесул дандеяв Марсело Коста абуни гьесдаса сониазги кIудияв, хIалбихьиги бугев, лъикIал хIасилалги ругев вукIана. Гьев II нухалъ бергьана, кIиго ничья ва цо нухалъ къуна. ХIалуцараб дандчIваялда нилъер ракьцояв бергьана. Залимбег живго киналго кIалалги ккун дагьав хIаликълъунги вукIана, кин бугониги иргадулаб бергьенлъи босана. Баркула ЛъаратIа районалда нилъер ракьцоясул ММА турниралда бергьенлъи, гьеб турниралъул чемпионлъиялде бугеб нух ккола гьеб Залимбегил. Гьарула гьесие щулияб сахлъи ва тIадегIанал бергьенлъаби.

**Садрудин БАШИРОВ**



# Районалда субботник тIобитIана

**I2 абилеб августалда ЛъаратIа росулъ тIобитIана кIудияб субботник, ай рацIцIалъи цIуниялъул тадбир. КIудияб жигарчилъиялда, хIаракат бахъун хIалтIана районалъул нухмалъи, киналго идарабазул нухмалъулел ва цадахъ хIалтIухъаби.**

Гьединго субботникалда гIахьаллъана ЛъаратIа росдал жамагIат ва кIудиял магазиназул, ашбазазул, ретIел-хьит бичунел бакIазул, ай киналго кьищни-къул къватIибе босулел бакIазул гIадамаз.

Районалъул администрациялъул бетIер Ражаб Раджабовас, нилъеда лъала, цIикIун кIвар кьолеблъи рацIалъи цIуниялъе, гьесул пикруялда рекъон рацIалъи цIуниялъе тIоцебесеб иргаялда районалъул нухмалъиялъ, хIакимзабаз мисал бихьизабизе кколин хутIараб жамагIаталъе ва гьедин цадахъ лъугьун гьабураб хIалтIул гIадаб хIасилги кколарин.

**ЧАКЪАЛОВ**

## Полициялъул инспектор ГIалибегов Камилбегица лъазабулеб буго

**Исанасеб соналъул 19 абилеб маялдаса 31 абилеб декабралде щвезегIан МВДялъул хIукмуялда рекъон, (приказ от 15 мая 2015г №999) Дагъисталанда унеб буго жалго разилъун ярагъ полициялде кьеялъул хIалтIи. Буго щибаб яргъихъ кьолеб мухьги, ай гьаб хадуб рехсараб къагIидаялъ.**

1. Пистолет яги револьвер — 15000 гъ.
2. Автомат — 20000гъ.
3. Пулемет — 25000гъ.
4. Подствольный гранатомет Г-П-25 и ГП-30 - 17000гъ.
5. Гранатомет РПТ-25-ТП-30 – 15 000гъ.
6. Одноразовый гранатомет – 15 000гъ.
7. Винтовка СВД-25000гъ.
8. Пистолет-пулемет – 15000гъ.
9. Охотничий карабин - 6000 гъ.
10. Охотничье гладкоствольное ружье-3000гъ.
11. Газовые пистолеты и пистолеты иностранного производства - 1000гъ
12. Пистолеты кустарного производства-I000гъ.
13. Взрывное устройство-2000гъ.

Полициялъ гьарулеб буго ярагъгун жидехъе рачIаян полициялъул часталде, инспекторас бицина гьеб ярагъ кьеялъул законалъул хIакъалъулъги.

**Инспектор АРР,**
**ГIАЛИБЕГОВ Камилбег**

*редакторасул колонка*

# ЦIияв нухмалъулевги «ЛъаратIа» газетаги

**Нилъее киназего бокьула нилъер гIагараб ЛъаратIа районалда бугеб ахIвал-хIал, жиндирго гIужда, кватIичIого лъазе. Цо къадаралъ гьеб лъала районалъул газеталъул кумекалдалъунги. ХIатта абизе бегьула, гIемерисел кIвар бугел суалал лъалин газеталъул кумекалдалъун. Гьелъул кIвар цIикIуна нилъер район Дагъистаналъул бищунго мугIрузул ахада букIиналъги. Нилъер районалъул гIемерисел росаби руго райцентралдаса 40-60 км рикIкIад. Гьединлъидал гIемерисел гIадамазул ва хасго интеллигенциялъул мурад букIуна, районалъул газета гIужда щвезе, гьоркьоса кватIичIого.**

Цо анцIго соналъ цебеги гIемеризеб бищунеб жо букIана, «КватIана мун, кватIана, ЛъаратIа район, дунялалада цIакъ гIемер» - абун. Гьелъул магIна букIана, нилъер районалдаса, я Дагъистаналъул нухмалъиялда, я цониги республикаялъул министерствоялда, гьеж базе районалдаса цониги чи вукIинчIо. Рецц-бакъ гьабулеб заманги гуро, я «ЛъаратIа» газетаги гуро, Аллагьасул кумекалдалъун, Лъебелазе жакъа гьединаб рес щун буго. БукIаниги, гьеб ресалдаса тIубанго пайда босулеб гьечIо. Масала, жакъа районалдаги гIураб къадаралда гьечIо нухазул техника, трактораль ва.гь.ц

Щай бегьулареб «ЛъаратIа» газета гьоркьоб ккунги, цойги батIиял нухал ралагьунги, гьеб ва цойгидал гьелда релъарал масъалаби тIуразе. Кидаго нилъер щобаздаги щущан букIунаро бакъ.

КIиабизеги, бокьараб районалъул къадрукъимат борцунеб жолъун кколагIелмуялда ва спорталда росарал бергьенлъаби. Мисалал рачине гьечIо, гьеб рахъалъ район цебесеб кьерда буго Дагъистаналдаго. Нилъер Джурмут гIоралъ цо хасаб бакI ккун буго Каспий ралъдалъ. Хадуб гьарзалъаги. Ва амма, тIуравIел масъалабиги районалда цIакъго гIемер руго. Масала, районалде жакъаги, ай 21-абилеб гIасруялдаги гьечIо газ, хъил тIураб нух, гьоркьоса къотIичIого райцентралдаса тIадехун ссунеб буго ток, гIорхъода къватIисел хIукуматалгун бугеб район бугониги, районалъул гIадамазе гьечIо сундулниги рахъалдаса бигьалъаби я токалъул, я цIулал, я кьолеб гIарац-харжалъул ва.гь.ц. Гьеле гьел суалазе дагьаб цIикIун кIвар кьезе ккола районалъул хIакимзабаз.

Лъабабизеги, районалъул газеталъулги буго цIакъго бечедаб тарих. Райгазета цIакъго тIегьан бачIана гьелъул бетIерав редактор БисавгIалиев МухIамад вугеб мехалъ. БачIинахъего гьес газеталъул цIар хисана ва кьуна цIияб цIар «ЛъаратIа» абун. ЦIакъго некIсияб заманалдаса нахъего, кквешаб гIамал бугел, унти-гIузруяз росарал, лъималазулги цIар хисулеб букIун буго ва гьелъ лъикIаб хIасилги кьолеб букIун буго.

Нилъер кIудияв Имам Шамилилги хаслъиялъул мурадалда цIар хисун буго ва хIасилги цIакъ лъикIаб кьун буго. Газета лъикIго гIуцIи ва гIужда щвей буго жакъа цIалдолезул аслияб мурад. Жакъаги, цIияв редакторасул нухмалъиялда гьоркь, газета унеб буго битIараб нухда. Нилъерго газета букIинги хIисабалде босун, абизе бокьун буго, газеталда рахъизе бегьула цIи-цIиял рубрикабиги. Масала, «Махсаро-хочI», « Росдал администрацияльул» ва.гь.ц колонкаял.

Районалъул цIалдолел цIакъго разияб ишлъун лъугьинаан районалда бугеб 18 администрациялъул бетIерасулгун, ялъуни гьесул заместителасулгун, газеталдасан гьабураб-тараб, гьабизе бугеб хIалтIул, цере чIарал масъалабазулгун гарачIвари гьабуни.

Щакълъизе бакI гьечIо, газета цIалулезул къадар тIадеялдаса-тIаде цIикIине буго, хасго гьутабазда ругел районалъул росабалги. Караб бакIалда къваригIараб рагIи абиги, гьебги гьазават ккола. Газеталъул коллективалъе сахлъи-рохел, цIалдолезул рахъалдаса баркала ва разилъи.

Инша Аллагь гьедин букIиналда хьулги, мурадги буго.

**Сайпудин ШЕЙХОВ.**

*мажлис*

# Байил Шайихасул хабада зиярат



**Июлалъул 19 абилеб къоялъ Нилъер районалъул Гьебгъуда росулъ, республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул тIалабалда рекъон, тIобитIана мажлис Байил Шайихасул зияраталда.**

Гьениб мажлисалда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул Исламияб университеталъул ректор МухIамад-хIажи ГIабдуллаевас, Дагъистаналъул муфтиясул тIоцевесев заместитель АхIмад-хIажи Кахаевас ва гьел гурел жеги батIи-батIиял диниял гIалимзабаз. Мажлис бачунев вукIана диниял суалазул рахъалъ республикаялъул бетIерасул гIакълучи, МухIамад ГIабдурахIмановас.

Нилъеда лъала цебесеб къоялъ букIана гIидалъул къо, кIал биччазе гIагараб росулъе щвана Рамазан ГIабдулатIиповги. Гьединго республикаялъул бетIер щвана росулъ ругел киналго хараби, ригь арал херал гIадамазухъеги.

Данделъиялда цеве вахъун ГIабдулатIиповас бицана республикаялъул диниял идараялъ ва муфтий АхIмад-хIажи ГIабдуллаевас гьабулеб бугеб кIудияб хIалтIул диналда сверухъ. Республикаялъул бетIерасул рагIабазда рекъон, кIудияб бакI ккола диналъ, инсан лъугьинавиялда. Гьединго Рамазан ГIабдулатIиповас бицана умумузул ва гIагараб ракьалъул тарих лъазабиялъул кIваралъул ва Байил Шайихасул хIакъалъулги.

Муфтиясул заместитель АхIмад-хIажи Кахаевас гьабуна кIудияб вагIза батIи-батIиял диналда хурхарал суалазда рекъон ва республикаялъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдуллаевасул саламги бицана мажлисалъе гIахьалчагIазда.

Мажлисалда рагIи кьуна киналго гIалимзабазе республикаялдаса рачIарал ва мавлидги гьабун, вагIзаялги цIалун тIобитIана мажлис.

**Расул АБАКАРОВ**

*росдал магIишат*

# Каналал рацIцIад гьаризе руго



**Дагъистаналда мелиоративияб система хIалтIизабиялъе Россиялъул хIукуматалъ исана биччалеб буго I75 млн. Гьединаб постановлениялда гъулбасана дагьалъ цебе премьер-министр Дмитрий Медведевас. гъуруш гIарац. Росдал магIишаталъул министерствоялда «ЛъаратIа» газеталъе бицана каналал рацIцIад гьаризе ругин киса-кирего, хасго нилъер районалъул хъутаби ругеб Бабаюрт районалдаги.**

Лъалеб букIахъе, каналазда лъим гьечIолъиялъул суал буго гIатIиракьалда ругел районцояз тIоцебе борхулеб. Гьелъул бицана районалъул нухмалъулел сапаралъ щварабгоги. Районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев ХIажияв МухIамадовас чанцIулго бичIчIизабуна цохIо нилъер районалда бараб жо гьеб гурин, бажарараб хIалтIи гьабулеб бугин. Каналал руго республикаялъулаб, районалъул ва росабазул кIваралъул. Щибаб каналалъул жаваб кьолел чагIиги руго, республикаялдаго хIалтIулеб федералияб идараги буго «Минмелиоводхоз» абураб. Районалъул къуват гIоларо гьебгощинаб хIалтIи гьабизе. Цо канал бацIцIад гьабунилан гьенибе лъим щоларо, гьеб кIудияб хIалтIи буго.

Мелиоративияб система тIолабго республикаялдаго хун букIиналъе нугIлъи гьабулеб буго федералияб централъ биччараб гIарцухъ балагьарабгоги. I75 млн. гъуруш гIарац хвезабизе буго цIиял каналал рухъизе, ругел рацIцIад гьаризе ва бетIергьан гьечIел, хIалтIизаруларел лъел каналал гIарац кьун росун республикаялъул балансалде росизе. Гьединаб баян кьуна росдал магIишаталъул министерствоялъ.

Совет пачалихъалъул заманалда ракьал лъалъалеб системаялда тIад хвезабун буго цIакъго гIемер гIарац. БукIана хасаб министерство мелиорациялъул. Гьанжесеб гIарцуде гьеб гIарац буссинабун хIисаб гьабурабго щибаб соналъ каналазда хадуб хъулухъ гьабизе биччалеб букIана чанго миллион доллар. Перестройкаялъул заманаялъ Минмелиорация абураб идараги къана, каналазе биччалеб гIарацги къотIана, кинабго щущазабуна. ТIадеги, гIатIиракьалде цIикIкIун гIадамалги гочун, гьениб лъим гIолеб хIал гьечIо. Гьанже биччалеб I75 миллионги цIакъго дагьаб жо буго тIолабго системаялъул хIисаб гьабураго.

ТIолго Россиялда бугеб мелиоративияб системаялъул I0% буго Дагъистаналда. РакIалда буго, чанго соналъ цебе гьеб суал борхарабго доб мехалъ вукIарав росдал магIишаталъул министр Сатмар Амировас абуна мелиорациялъул система рукIалиде бачине ккани Дагъистаналъе биччазе ккола бищунго дагьаб 2 млрд гъуруш гIарац. Гьедин батизеги бегьула гьеб. АнцI-анцI соназ рацIцIад гьарун гьечIо каналал, хасго хъутабазда. Гьезул бицун щай, МахIачхъала бакьулъан унеб Октябралъул революциялъул канал бацIцIад гьабуна араб соналъ, тIубанго цIолеб букIун. Хъутабазде ирга кин щолеб? Лъим камиялъул масъала буго цохIо Бабаюрталда гуреб, киса кибего. Исана хIалтIизе биччалеб буго Самуралдаса Дербенталде бахъулеб канал. Хьул буго, гьанже биччараб гIарцул цо дагьабгIаги къадар нилъер хъутабаздеги щвелин, дагьаб бугониги хIалтIи гьабилин каналал рацIцIад гьариялъе. Гурони, камулел гьечIо гIатIиракьалдаги рукIун помидоргун охцерал гIарац кьун росулел чагIиги.

**Рамазан РАЖАБОВ**

Дин ва гІумру

# ГЪЕРЕСИ – нифакъалъул гІаламат

## МУЪМИНЧИЯСУЛ БУКІИНЕ РЕС ГЪЕЧІЕБ ГІАМАЛ

**Бусурбанчиясулъ бищунго берцинал тІабигІатаздасан ккола, гьабулеб гІамалалъулъги, бицунеб рагІиялъулъги ритІухълъи цІуни. АсхІабзабазулги табигІиназулги заманалда, ритІухълъи рикІкІунаан ТІадегІанав Аллагьасукьа хІинкъиялъул гІаламатлъун ва гьереси бицин, хиянат гьаби рикІкІунаан талихІ къиналъулги мунапикълъиялъулги гІаламатлъун.**

ТІадегІанав Аллагьас Къуръаналда абулеб буго (магІна): **«Щал ругониги жидеца ритІухълъи цІунун, гьел руго хІакъикъаталдаги БетІергьанасдаса хІинкъулел гІадамал ва гьезие Аллагьас хІадурун руго бокьарал нигІматал»**, – абун. Цогидаб аяталда буго (магІна): **«Ле, иман лъурал гІадамал! Нуж Аллагьасукьа хІинкъа ва ритІухъал гІадамалгун цадахъ рукІа»**, – ян.

## ГІакъилав чиясул мацІ ракІалда нахъа букІуна

Свалат-салам лъеяв аварагасул хІадисалда буго: **«Муъминчияс гІузруги гьечІого гьереси бицани, гьесул кІалдиса бачІараб квешаб махІалъ малаикзаби рикІкІад руарула лъагІалил нухлул манзилалъ ва ТІадегІанав Аллагьас гьесие хъвала ункъого мунагь»**, – абун.

Цогидаб хІадисалда буго: **«Муъминчияс, гІузруги гьечІого, гьереси бицараб мехалда, гьесул кІалдиса бачІуна хъубаб махІ, жиндир асар ГІаршалде щолеб. Цинги, гьесие нагІана кьола ункъоазарго малаикас ва Аллагьас гьесие хъвала ункъого мунагь, гьезул бищун гьитІинаб УхІуд мегІералда бащалъулеб»**.

МасгІудил вас ГІабдуллагьица бицараб хІадисалда абулеб буго: **«Нужеца ритІухълъи цІуне! РитІухълъиялъ нуж лъикІлъиялде рачуна, лъикІлъиялъ нуж алжаналде рачуна. Инсан битІараб бицуневлъун тІаса унаро, ТІадегІанав Аллагьасда аскІоб ритІухъав абун хъвазегІан. Нуж гьересиялдаса цІуне, гьересиялъ нуж мунагьалде рачуна, мунагьалъ жужахІалде рачуна. Лагь гьереси бицуневлъун тІаса унаро, БетІергьанасда аскІоб гьерсихъан абун хъвазегІан»**.

Свалат-салам лъеяв аврагас абуна: **«Мунапикъасул гІаламат лъабго буго. Гьес хабар бицунеб мехалъ гьереси бицуна, гьесулгун къотІи гьабидал гьес къотІи биххизабула, гьесда аманат гьабун тедал, гьес хиянат-рекІкІ гьабула»**, – ян.

Жинда Аллагь разилъаяв Лукъманул ХІакимида гьикъана: «Цере рукІарал лъикІал гІадамаздасан дуе щиб щвараб?» – абун. Гьес жаваб гьабуна: «Гьересиялдаса мацІ цІунун битІараб бицинги, дида божун тараб аманат тІубайги, дидего ккоалареб жоялде гъорлъе лъугьунгутІиги», – ян.



Хирияв аварагасда ﷺ Сафван бин Муслим абурав асхІабас гьикъана: «Я, Аллагьасул расул! Муъминчи гІадамазукьа хІинкъулевлъун вукІунищ», – абун. Аварагас ﷺ жаваб гьабуна: «ВукІуна», – ян. Хадубги гьикъана: «Муъминчи бахилавлъун вукІунищ?» – абун. Аварагас абуна: «ВукІуна», – ян. Бичасул аварагасда лъабабизеги гьикъана: «Муъминчи гьереси бицуневлъун вукІунищ?» – абун. Хирияв аварагас ﷺ абуна: «Муъминчи гьереси бицуневлъун вукІунаро», – ян.

ХІузайфатул Яманияс абуна: «Свалат-салам лъеяв аварагасул заманалда цо гьереси бицарав чи мунапикълъун рикІкІунаан, жакъасеб къоялъ дида нужеда гьереси бицин къойида жаниб анцІго нухалъ рагІулеб буго», – ян. Гьединлъидал, щивав бусурбанчияс жигар бахъизе ккола нифакъалъул гІаламатаздаса рикІкІалъизе.

Щив чи вугониги гьересиялда ругьунлъун, гьев Аллагьас аскІов мунапикълъун хъвала ва гьесие гьереси бициналъул мунагьги букІуна. Жинда Аллагь разилъаяв МасгІудил вас ГІабдуллагьица бицана: «Бищун ритІухъаб калам Аллагьасул калам буго, бищун хирияб кІалъай Аллагь рехсей буго, бищун квешаб бецІцІлъи ракІ бецІцІлъи буго, бищун кІудияб пашманлъи къиямасеб къоялъул пашманлъи буго, бищун лъикІаб бечелъи нафсалъулги ракІалъулги бечелъи буго, бищун лъикІаб нахърател ТІадегІанав Аллагьасдаса хІинкъи буго, мехтел-гьекъей мунагьазул эбел буго, руччаби щайтІаналъул кумекчагІи руго, гІолохъанлъи гІантлъиялъул гІаркьел буго, бищун хІарамаб магІишат рибаялдалъун щвараб буго, бищун гІемер гъалатІал гьереси бицуневе мацІалдалъун руго», – ян.

Самитил вас ГІибадатица бицараб хІадисалда аварагас абулеб буго: **«Нужеца дие анлъго жо цІунизе къотІи гьабе, дица нужее алжаналдалъун къотІи гьабила: нужеца хабар бицунеб мехалъ битІараб бице, диналъул вацасе къотІи гьабураб мехалъ гьеб къотІиялъе хилиплъи гьабуге, нужеда божун тараб жоялъулъ хиянат-рекІкІ гьабуге, нужерго гІавраталги хІарамалдаса цІуне, хІарамалде балагьиялдаса бералги цІуне, хІарамалде бегьиялдаса квералги цІуне»**, – ян.

КІудияв факъигь Абу Лайсица хъвалеб буго: «Свалат-салам лъеяв аварагас цебе рехсараб анлъабго жоялда жаниб киналниги дунялалъулги ахираталъулги лъикІлъаби данде гьаруна ва Аллагьагун гІадамазда гьоркьор ругел хІукъукъалги цІунана», – ян. Свалат-салам лъеяв аварагас абуна: **«Щуго пиша буго, жал мунапикъасулъ рукІунарел: жинда гІамал гьабулеб гІелму, мацІалда ритІухълъи, гьурмада гьими, рекІеда нур ва бусурбабаздехун рокьи»**, – ян.

Аллагь разилъаяв ХІасанул Басрияс бицана: «ГІакъилав чиясул мацІ ракІалда нахъа букІуна, гьесие цо рагІи абизе бокьараб мехалъ гьев ракІалде вуссуна ва пикру гьабула, гьеб рагІиялъулъ дунялалда яги ахираталда пайда щолеб батани, абула, жиндиего заралалъе буссунеб батани вуцІцІун чІола. Жагьилав чиясул ракІ мацІалъул рагІалда букІуна, гьесие рагІи абизе бокьараб мехалъ ракІалде вуссун гьес пикру гьабуларо, мацІалде бачІараб рагІи гьереси букІа, битІараб букІа, жиндие пайдалъе букІа яги заралалъе букІа къватІибе кьвагьула», – ян.

## ШаргІалда бегьизабураб гьереси

Гьереси бицин аслуялда хІарамаб бугониги, шаргІалъ цо-цо хассал бакІазда маслахІаталъе бицине изну кьуна. Имам ан-Наввавияс хъвалеб буго: «Цо бусурбанчи вахчани ва гьев чІвазе, яги гьесул боцІи бахъизе вачІунев залимчияс гьев вугеб бакІ гьикъани, бусурбанчиясул рухІ яги боцІи цІунун гьереси бицине тІадаб буго», – ян. Гьединаб хІалалъулъ гьереси бицине бегьиялъе гІалимзабаз далиллъун бачана Умму-Кулсумица бицараб хІадис: **«Гьерсихъан кколаро гІадамазда гьоркьоб маслахІат гьабиялъе гьереси бицунев чи»**, – абураб.

ХІусенил вас Суфяница бицараб хІадисалда буго: **«Гьереси бицине хІарамаб буго лъабго бакІалда хутІун: кІиго чиясда гьоркьоб рекъел гьабиялъе, капурзабазде данде бугеб рагъулъ ва рос-лъади данде гьарияльул ниятaлда»**, – ян.

Аллагь разилъаяй Умму Кулсумица абуна: **«Дида свалат-салам лъеяв аварагас гьал бакІазда гурони гьереси бицине изну кьолеб рагІичІо»**, – ян. Аллагьас киназего тавпикъ кьеги гьаб къабихІаб гІамалалдаса цІунун, Аллагь рехсеялда мацІ машгъул гьабизе.

**ИСРАФИЛ-хІажи**

# ХІежалде щиб босилеб, нахъе щиб бачІинеб?

**Абу Гъурайратидасан бицараб хІадисалда буго, аварагас абунила: «КЪАБУЛЛЪАРАБ ХІЕЖАЛЪУХЪ АЖРУ – АЛЖАН БУГО», – абун.**

Имам Малик, Бухари, Муслим гІадал чІахІиял гІалимзабаз рехсараб хІадис буго гьеб. ХІеж ккола лъагІалида жаниб цо нухалъ, хасс гьабун чІезабураб заманалда, тІолабго дунялалъул даражаялда тІобитІулеб, бищун кІудияб лъугьабахъин. Гьелда жаниб буго инсаният цолъиялъул тІалабазе жавабал кьолел къагІидаби. Санайилго гьел гІумруялдеги рахъинарула. Гьенире рачІуна дунялалъул киналго рахъазул, тІолалго улкабаздаса хІажизаби. Киналго ракІарула дунялалъул бакьулъе, ай КагІбаялда сверухъ.

ХІежалде ине къватІиве вахъунаго хІажичияс цадахъ босизе кколеб бищун кІвар бугеб жо ккола – Аллагьасукьа хІинкъи, сабру, цогидаздаса тІаса лъугьине бажари ва рахІматалде бугеб хьул. ЧІухІи, пахрулъи, сабру гьечІолъи, хехдари ва цогидал Аллагьас какарал хасиятал дове унелъул гІорхъода тезе лъикІаб букІина. ХІеж тІубан тІадвуссунаго гІорхъоде щведал, гьенир тун рукІарал дол хасиятал нахъе росиладаян нусцІул ургъани лъикІаб буго. Гьел, абадиялъго гьенир тани, лъикІ букІинародай?

Хирияб ракьалде щведал чанги чияс пикру гьабула гьаниса рокъобе щибдай босилаян. Аварагасул росулел жал рикьизе бегьула кІийиде: берда бихьулеб, ай ккевзе щолебги рухІиябги. ТІоцебе рехсараб рухІиябин абуралда бащалъуларо, киннигин гьеб гІемеразда бичІчІуларо. ТІоцебеселда гъорлъа босизе бищун лъикІаб букІина Замзамалъул баракатаб лъим. Гьединго, Мадинаялде щведал аварагасул чамасдак – ГІажва босизеги кІочене бегьиларо. Баракаталъе букІине, хІеж гьабулелъул тІад букІараб ихІрамги сивакалги росани квеш ккеларо. ХутІарабщинаб, ай сайгъаталъе кьезесеб рокъоре щун хадуб, гьанисаго босизе таниги бегьулеб жо буго. РухІияб тайпаялда гъорлъа бокьараб, хІежалда чІобого кьолеблъун букІуна ва кигІан кІваниги босизе рес щола.

Нур бараб Мадинаялда ва хирияб Маккаялда керен цІезабизе бегьула ва рокьул Аллагьасдехун ва гьесул аварагасдехун; асхІабзабаздехун табигІиназдехун; аварагасул ирсилал – хІакъикъиял устарзабаздехун, гІалимзабаздехун ва тІолабго умматалдехун. ХІаракат бахъизе ккола гьеница кІванагІан цІикІкІун босизе ихлас, ракІбацІцІалъи, гІибадаталъулъ щулалъи, хІарамалдаса рикІкІад чІезе къуват, диналъул къуркьи гьечІолъи... Гьел киналго, бaгьа гьабун хІалкІоларел нигІматазухъ багьалъун кьезе бегьула мунагьаздаса ракІбакъван гьабураб бацІцІадаб тавбу, Аллагьасдаса хІинкъун тІураб магІу.

Бичасул аварагасухъ гьоболлъухъ ва КагІбаялъул гьайбатлъиялъухъ ралагьун ругеб мех, гьелда сверухъ тІавап гьабулеб заман, гьеб кІиялъего цІакъ мустахІикъаб гІуж буго. ГурхІулев БетІергьан Аллагьас хІеж гьабизе гІищкъу бугевщинасе гьелъие рес кьеги. Киналго хІажизабазул хІежги къабул гьабеги.

Амин.

**ХІабиб ХІАЖИГІАЛИЕВ**



# Шамиль Камалов ракIалде щвеялъул турнир

**20 абилеб июналда СикIар росулъ тIобитIана нилъер ракьцояв, тохтур Шамиль Камалов ракIалде щвеялъул, волейболалъул рахъалъ турнир.**

Гъенир гIахьаллъи гьабулеб букIана гIицIго Бугъундерил жамагIаталъул командабаз.

Турнир гIуцIана гьесул яцалъул вас, Руслан Джарулаевасул тIалабалдалъун. Гьеб цIакъго лъикIаб иш буго, Русланица гIадин нилъер хварал чагIи ракIалда щвеялъул турнирал гIуцIун рукIаралани.

Гьеб турниралда гIахьаллъи гьабуна Ирбагьин-отарса кIиго командаялъ, СикIар росдал кIиго командаялъ, Хадиял ва Къардиб росдал командаяз ва бугъундерил тIаса бищараб командаялъ. ХIалуцарал къецазулъ тIоцебесеб бакI ккуна Хадиял росдал командаялъ, кIиабилеб Ибрагьим-отар командаялъ ва лъабабилеб бакI ккуна НикIар росдал командаялъ.

ГIарцул сайгъаталъул къадар гьадинаб букIана: тIоцебесеб бакI-25000 гъ, кIиабилеб бакI - 15000 гъ, лъабабилеб бакI - 10000 гъ.

Нилъедаса ватIалъарав чиясул турниралда дагIба-рагIи букIине бегьиларо, заман щвана гьеб ахIи-хIурги рехун тун, бацIадаб къагIидаялъ торгIохIай гьабизе.

**ЧАКЪАЛОВ**



# Европаялъул хIаязул призер



**Нилъер районалъул Мазада росулъа Садам МухIамадов абурав гIолохъанчияс гIахьаллъи гьабуна боксалъул рахъалъ июналда Бакуялда тIоритIарал Европаялъул хIаязулъ.**

Гьев цеве вахъана 91 кг цIайиялда ва щвана полуфиналалде. ГIемерал чагIазул, спортивиял экспертазул пикруялда рекъон судияз хIиллабиги гьарун гьев къезавуна. Кин бугониги хIасил гьединаб ккана Садам финалалде ворчIичIо, амма гьес 91 кг цIайиялда босана лъабабилеб бакI ва 3000 доллар гIарацги. Гьеб лъикIаб, тIадегIанаб бергьенлъи буго нилъер ракьцоясул.

Баркула ЛъаратIа районалда Садамил бергьенлъи, лъабабилеб бакI бугониги, ва гьарула гьесие щулияб сахлъигун тIаде цIиял бергьенлъаби.

**ЧАКЪАЛОВ**

*спорт*

# Халкъалда гьоркьосеб турниралъул чемпион

**Исана Июнь моцIалда Сербиялда тIоритIана халкъазда гьоркьосеб боксалъул турнир, гIолилазда гьоркьосеб.**

Гьеб турниралда гIахьаллъана нилъер ракьояв, НитIигIицухъ росулъа ХIажимухIамадов Муслим. Гьев цеве вахъана 81 кг цIайиялда. Ункъо дандчIвайги бергьун Муслим финалалда дандчIвана Ирландиялдаса боксергун.

Унго-унгояб букIана гьеб дандчIвай, бергьана махшел ва хIалбихьи бугев нилъер ракьцояв. Гьанже Муслим хIадурлъулев вуго Европаялъул чемпионаталде.

Баркула нилъер районалда ракьцоясул бергьенлъи ва гьарула гьесие жеги чIахIиял бергьенлъаби.

**ЧАКЪАЛОВ**




**Лъазаби**

Ричулел руго найил тIулби ва наял (пчеломатки) карпаталъул пародаялъул.
АхIизе бегьула гьаб номералда
**8-938-200-00-87.**



**Гьерел росулъа гIи бечIчIулел гIухьби**

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:** ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:** 368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00 15.08.2015
Заказ ____________